

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang

Buku kumpulan sajak *Paguneman* (Noor, 2011) mangrupa buku kumpulan sajak (basa Sunda) nu kadua karya Acép Zamzam Noor, buku kumpulan sajak nu mimiti karya Acép Zamzam Noor nya éta *Dayeuh Matapoé* (Noor, 1993). Tangtu aya bébédaan antara kumpulan sajak *Paguneman* jeung *Dayeuh Matapoé*, boh dina prosés kréatif, maksud, jeung eusi, boh dina cara nepikeunana. Kumpulan sajak *Paguneman*

Buku kumpulan sajak *Paguneman* némbongkeun kasabaran Acép dina ngagambarkeun kaayaan haténa ngaliwatan kekecapan. Kaayaan haté Acép nu ngagalura teu dibudalkeun sakaligus (siga nu nyampak dina kumpulan sajak *Dayeuh Matapoé*) tapi estu kawas nu ngamalir saeutik-saeutik teu eureun-eureun. Basana leuwih ngalagena, jeung teu nyampak ayana basa nu kamalayon.

Acép Zamzam Noor, lahir di Tasikmalaya, 28 Pebuari 1960, ti leuleutik nepi ka mangsa rumaja hirup kumbuh di lingkungan Pondok Pasantréni Cipasung, Tasikmalaya. Tamat SMA taun 1980 di Pondok Pasantréni As-Syafi'iyah, Jakarta, Acép nuluykeun kuliah ka Jurusan Seni Lukis Fakultas Seni Rupa dan Desain ITB Meunang *Fellowship* ti Pamaréntah Itali pikeun nganjrek jeung medalkeun karya di Perugia, Itali (1991-1993).

Salaku panyajak Acép pernah dilélérl sawatara panghargaan: *Hadiyah Sastra LBSS* (1991 jeung 1993), *Penghargaan Penulisan Karya Sastra* ti Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional RI (2000 jeung 2005), *The SEA Write Award* ti Kerajaan Thailand (2005), *Anugerah Budaya* ti Gubernur Jawa Barat (2006) *Khatulistiwa Literary Award* (2006-2007), *Anugerah Kebudayaan (Medali Emas)* ti Menteri Kebudayaan dan Pariwisata RI (2007) sarta *Golden Honorary Police* ti Kapolwil Priangan (2009). Hadiyah Sastra Rancagé pikeun buku *Paguneman* (2012)

Unggal pangarang, boga cara masing-masing dina ngébréhkeun rasa ngaliwatan ungkara-ungkara dina sajak. Boh cara dina milih kekecapanana atawa diksi boh cara ngulinkeun diksi-diksina. Ieu cara disebut gaya, tapi gaya henteu ngan muncul dina sajak wungkul, tapi ogé dina karya sastra séjénna saperti carpon jeung novel, malah mah dina kahirupan ogé, manusia boga gayana masing-masing pikeun ngalalakonkeunana, nu biasa disebut gaya hirup. Ari dina sajak atawa dina karya sastra séjenna, gaya nu muncul nya éta gaya basa, sabab sajak raket patalina jeung basa.

Gaya basa bisa mantuan sajak dina ngahontal kapuitisan, Pradopo (2012, kc. 13) nétélakeun nu dimaksud puitis téh saupama unggal rasa panyajak nu diébréhkeun ngaliwatan sajak, bisa karasa ku nu maca, nepi ka nu maca ngarasa waas, sedih, bungah atawa bagja dina maca sajak-sajak si panyajak.

Pikeun nalungtik gaya basa dina sajak, ulikan nu dipaké nya éta stilistika. Numutkeun Shipley (dina Ratna, 2014, kc. 8) stilistika nya éta ilmu ngeunaan gaya (*style*), sedengkeun *style* asal kecap tina *stilus* (Latin), hartina pakakas anu seukeut tungtungna, anu dipaké pikeun nulis dina alas nu dilapis ku lili. Ieu alat nu seukeut téh bisa dihartikeun rupa-rupa. Salah sahijna nya éta pikeun ngaguratkeun, pikeun nyebét, pikeun nurihan, pikeun nojosan widang datar pikeun tulisan. Konotasi séjen nya éta ‘nurihan’ rarasaan nu maca, ogé bisa waé ka nu nulisna, nepi ka jadi éfék anu husus. Dina widang basa jeung sastra, stil jeung stilistika hartina ngagunakeun cara-cara anu tinangtu. Stilistika mangrupa élmu sastra, leuwih heureut élmu gaya basa anu patali jeung aspék-aspék kaéndahan (Ratna, 2014, kc.9).

Saméméh manggihan gaya basa dina sajak, kudu dipaluruh heula struktur nu ngawangun sajakna. Ieu hal bisa dipaluruh ngagunakeun analisis Roman Ingarden. Nurutkeun Pradopo (2012, kc 15) aya lima lapis norma nu dipedar ku Roman Ingarden nya éta: 1) lapis norma kahiji (sora), 2) lapis norma kadua (harti), 3) lapis norma katilu (objék-objék, subjék lirik, latar, jeung dunya panyajak), 4) lapis norma kaopat (dunya), jeung 5) lapis norma kalima (métafisik).

Bangbaluh nu karandapan ku guru dina pangajaran sastra téh nya éta pangajaran sastra anu sok pacampur jeung pangajaran basa. Ieu hal nambahán heureut Muhamad Faisal Septia Akbar, 2017

tarékah guru dina milih bahan ajar kasusatraan pikeun siswana dina pangajaran sastra. Sanajan sastra bagian tina basa, tapi sastra miboga dunyana sorangan, hal éta kudu disalusur ku guru sacara getén tur sabar pikeun bisa manggihan kaéndahan sarta kanikmatan pikeun para siswana, ogé pikeun kamangpaatan kahirupan siswa. Ieu hal téh geus jadi kawajiban guru sastra di sakola pikeun nyadiakeun bahan-bahan ajar kasusastraan kaasup buku bacaan, saluyu jeung pamadegan Cullinan (dina Tarigan, 1995, kc. 2) nu nyebutkeun yén buku-buku sastra gedé pangaruhna pikeun hirup kumbuh barudak, tapi éta hal gumantung ka kolot jeung para guru nu ngaping barudakna. Kolot jeung guru-guru nyekel tanggung jawab dina ngawariskeun kabeungharan sastra nu geus nyampak dina puisi heubeul, dongéng barudak, jeung novel-novel nu haradé ajénna.

Nu nambahán bangbaluh guru ogé nya éta legana alam kasusatraan nu teu mustahil bisa nambahán atawa robah saluyu jeung kaayaan jaman. Tapi sahenteuna para guru kudu mikanyaho sastra nu katompérnakeun, saperti sajak, carpon, novél jeung drama. Dina ieu panalungtikan, panalungtik nangtukeun karya sastra nu rék dipedar nya éta sajak. Ku kituna dina ieu panalungtikan dipedar cara maham sajak ngaliwatan struktur jeung gaya basa nu digunakeun ku panyajak, tapi ku sabab ambahán gaya basa téh lega teuing, panalungtik ngawatesanan panalungtikan kana rakitan basana. Rakitan basa mangrupa salah sahiji unsur nu aya dina gaya basa.

Sababaraha panalungtikan nu maké judul gaya basa nya éta “Gaya Basa Métafora dina Babasan jeung Paribasa Basa Sunda (Tilikán Stilistika jeung Semantik)” (Anita Nurul Fauziah, 2014), jeung “Gaya Basa Ngupamakeun dina Babasan jeung Paribasa Sunda (Tilikán Stilistika jeung Semantik)” (Novi Nurul Khotimah, 2016). Salian ti panalungtikan nu ngulik ngeunaan gaya basa, aya ogé panalungtikan anu ngalarapkeun panalungtikan gaya basa kana bahan pangajaran nya éta “Gaya Basa dina Kumpulan Carpon *Rusiah Kaopatwelas* Karangan Darpan Ariawinangun (Pikeun Bahan Pangajaran di SMA)” (Rostika Srihilmawati, 2016). Kajian gaya basa beunang Rostika Srihilmawati ngaguar jeung nataan unggal gaya basa nu aya dina kumpulan carita pondok ngaliwatan pamarekan stalistika. Dina ieu

panalungtikan mah nu ditalungtik téh lain gaya basa nu aya dina kumpulan carpon, tapi gaya basa nu aya dina kumpulan sajak.

Ieu panalungtikan béda jeung panalungtikan saacanna. Ku kituna panalungtikan ngeunaan ‘**Lapis Norma jeung Rakitan Basa dina Kumpulan Sajak Paguneman Karya Acép Zamzam Noor pikeun Bahan Ajar Maca Sajak Kelas XI SMA**’ can aya nu maluruh tur perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Héséna maham sajak, jadi salah sahiji bangbaluh dina mikaresep sajak boh pikeun siswa boh pikeun guru. Ieu hal ku lantaran aya sababaraha bahan ajar anu ukur méré contoh sajak wungkul kalawan teu didadarkeun unsur-unsur nu ngawangun sajakna. Unsur-unsur nu ngawangun sajak nya éta lapis norma jeung rakitan basa.

Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode stilistika, ku sabab ambahan stilistika téh lega, ieu panalungtikan rék diwatesanan dina kajian lapis norma jeung rakitan basa, nu masualkeun ngeunaan lapis norma jeung rakitan basa dina kumpulan sajak *Paguneman* karya Acép Zamzam Noor pikeun dijadikeun bahan ajar maca sajak di kelas XI SMA.

Rumusan masalah panalungtikan, ieu di handap.

- 1) Kumaha lapis norma sajak-sajak Acép Zamzam Noor dina kumpulan sajak *Paguneman* karya Acép Zamzam Noor?
- 2) Rakitan basa naon waé nu aya dina kumpulan sajak *Paguneman* karya Acép Zamzam Noor?
- 3) Kumaha larapna panalungtikan pikeun bahan ajar maca sajak di kelas XI SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah nu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan sacara umum sarta husus.

1.3.1 Tujun Umum

Tujuan sacara umum dilaksanakeunna ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh tur ngaguar lapis norma jeung rakitan basa dina kumpulan sajak *Paguneman* karya Acép Zamzam Noor.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngajéntrékeun:

- 1) lapis norma sajak-sajak Acép Zamzam Noor dina kumpulan sajak *Paguneman* karya Acép Zamzam Noor;
- 2) rakitan basa nu aya dina kumpulan sajak *Paguneman* karya Acép Zamzam Noor;
- 3) ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan ajar aprésiasi maca sajak di kelas XI SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat sacara tioritis jeung praktis, saperti ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat nya éta pikeun ngajembaran kaweruh ngeunaan stilistika, hususna rakitan basa nu aya dina kumpulan sajak *Paguneman* karya Acép Zamzam Noor. Salian ti éta, ogé pikeun nambahanaan bahan ajar di SMA.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat ieu panalungtikan nya éta:

- 1) pikeun panalungtik, mangrupa pangdeudeul enggonging ngadéskripsiéun lapis norma jeung rakitan basa;
- 2) pikeun para mahasiswa DPBD FPBS UPI, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun literatur pikeun nambahanaan pangaweruh tiori jeung kritik sastra;
- 3) pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi alternatif bahan ajar dina ngajarkeun sajak ka siswa SMA;
- 4) pikeun masarakat umum, bisa nambahanaan pangaweruh ngeunaan sajak.

1.5 Sistematika Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Sistematika penulisan panalungtikan ieu baris dipedar di handap.

Bab I ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua nya éta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi dua nya éta mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, sarta sistematika tulisan.

Bab II ngawengku tiori-tiori nu jadi cecekelan dina panalungtikan sarta kalungguhan masalah nu ditalungtik dina widang paélmuan. Dina ulikan pustaka, tiori-tiori nu aya dibandingkeun sarta dipatalikeun jeung masalah nu keur ditalungtik. Salian ti ayana tiori-tiori nu jadi cecekelan dina Bab II, ogé aya pedaran ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung kalungguhan tioritis panalungtikan nu dilaksanakeun.

Bab III ngawengku métode panalungtikan nu dibagi deui jadi desain panalungtikan, data jeung sumber data, ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV ngawengku hasil jeung pedaran analisis data nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, katut tiori-tiori dina Bab II.

Bab V eusina ngeunaan kumaha panalungtik nafsirkeun hasil analis panalungtikan. Kacindekan mangrupa jawaban tina daptar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rékomendasi dituduhkeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu maké éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua minangka lajuning laku tina hasil panalungtikan.